**दिन– गुरूवार** **दिनांक–10.07.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

सर्वोच्च न्यायालय बिहार मे जारी मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण– एसआईआर पर रोक लगेबा सँ इंकार कऽ देलक अछि। न्यायाधीश सुधाशुं धूलिया आ जे. बाग्चीक खंडपीठ एहि मामिलाक सुनवाई करैत कहलनि जे पुनरीक्षण कार्य संविधानक दायरा मे अछि। यद्यपि पीठ पुनरीक्षण कार्यक समय पर प्रश्न उठौलक न्यायालय कहलक जे पुनरीक्षण कार्य बिहार विधानसभा चुनावक लेल किएक भऽ रहल अछि, एहि के पूरा देश मे लागू किएक नहि कयल जा सकैत अछि। पीठ जनौलक जे निर्वाचन आयोग के जौं नागरिकताक जांच करब छल तऽ ओकरा ई काज पहिनहि करबाक चाही छल। न्यायालय कहलक जे चुनाव आयोगक न्याय के हित मे पुनरीक्षण अभियानक दरमियान आधारकार्ड, राशनकार्ड आ मतदाता पहचान पत्र ऐहेन दस्तावेज सभ के सेहो सम्मिलित करबा पर विचार करबाक चाही। मामिलाक अगिला सुनवाई अट्‌ठाईस जुलाई कऽ होयत।

---

प्रदेश मे मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण कार्यक्रम सुचारू रूप सँ जारी अछि। एखन धरि चारि करोड़ तिरपन लाख सँ बेसी गणना प्रपत्र एकत्रित कयल गेल अछि। निर्वाचन आयोगक अनुसार ई संख्या कुल मतदाताक संतावन दशमलव चारि–आठ प्रतिशत अछि। आयोग जनौलक जे जौं यैह गति बनल रहल तऽ शेष प्रपत्र के निर्धारित समय सीमा पच्चीस जुलाई सँ पहिनहि एकत्र कऽ लेल जायत। आयोग अस्थाई रूप सँ माईग्रेटेड मतदाता सभ सँ गणना प्रपत्र के वेबसाईट सँ डाउनलोड कऽ अपन पारिवारिक सदस्य सभक माध्यम सँ वा व्हॉट्सएप ऐहेन ऑनलाईन माध्यम सँ अपन बीएलओ के पठेबाक अपील कयलनि अछि।

---

पूर्वी क्षेत्रीय परिषदक सत्ताईसम बैसक आइ रांची मे भऽ रहल अछि। बैसकक अध्यक्षता केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह कऽ रहलाह अछि। बैसक मे बिहार, झारखंड, पश्चिम बंगाल आ ओडिशाक प्रतिनिधि सम्मिलित छथि। उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ जलसंसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी बैसक मे बिहारक प्रतिनिधित्व कऽ रहलाह अछि।

————————————————————————

पटनाक दशरथ मांझी सभागार मे श्रम संसाधन विभाग आ बिहार कौशल विकास मिशनक दिस सँ आइ सँ पंद्रह जुलाई धरि मेगा जॉब फेयर के आयोजन कयल गेल अछि। श्रम संसाधन विभागक प्रधान सचिव दीपक आनंद कहलनि जे रोजगार मेला मे देश भरिक अस्सी सँ बेसी नामी कंपनी सभ भाग लऽ रहल अछि। एखन धरि पैंतीस हजार सँ बेसी युवा अपन पंजीकरण करौलनि अछि। ओतहि, बिहार कौशल विकास मिशनक अपर मुख्य कार्यपालक पदाधिकारी राजेश भारती जनौलनि जे रोजगार मेलाक अंतर्गत चयनित अभ्यर्थी सभ के ठामहि नियुक्ति पत्र सेहो देल जायत।

————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ राजगीर मे निर्माणाधीन क्रिकेट स्टेडियमक निरीक्षण कयलनि। ओ अधिकारी सभ सँ निर्माण कार्य तय सीमाक भीतर पूरा करबाक निर्देश देलनि।

————————————————————————

आर्थिक अपराध इकाईक टीम बिहार राज्य शैक्षणिक आधारभूत संरचना विकास निगम लिमिटेडक कार्यपालक अभियंता प्रमोद कुमारक पटना, सहरसा आ सीतामढ़ी स्थित ठेकान सभ पर छापेमारी कयलक। आय सँ बेसी संपत्तिक मामिला मे ई छापेमारी कयल गेल अछि। प्राप्त जनतबक अनुसार छापेमारी मे करोड़ों टाकाक चल–अचल संपत्तिक खुलासा भेल अछि। एम्हर, निगरानी जांच ब्यूरोक टीम मद्य निषेध विभागक डीएसपी अभय प्रसाद यादव के खगड़ियाक कृष्णा नगर स्थित आवास पर छापामारी कयलक। आय सँ बेसी संपत्तिक मामिला मे ई छापामारी कयल गेल अछि।

————————————————————————

समस्तीपुरक काशीपुर स्थित बैंक ऑफ महाराष्ट्र सँ पछिला दिन भेल लूटक मामिला मे पुलिस मुख्य आरोपी अखिलेश राय आ ओकर पत्नी के गिरफ्तार कयलक अछि। पुलिस अधिक्षक अरविन्द प्रताप सिंह जनौलनि जे एहि मामिला मे एखन धरि दू करोड़ सत्तरि लाख टाका मूल्यक आभूषण बरामद कयल गेल अछि। ओ जनौलनि जे एहि मामिला मे बारह आरोपीक गिरफ्तारी भेल अछि।

————————————————————————

प्रदेश मे मॉनसूनक सक्रियता मे कमी अयबा सँ वर्षाक गतिविधि मे कमी आयल अछि। पछिला चौबीस घंटाक दरमियान जमुई जिलाक चकाई मे सभ सँ बेसी बत्तीस दशमलव दू मिलीमीटर वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल जे काल्हि राज्यक पश्चिमी भाग मे किछु स्थान पर तेज हवाक संग हल्का वर्षा भऽ सकैत अछि। ओतहि, अगिला पांच दिन धरि अधिकतम आ न्यूनतम तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तनक संभावना नहि अछि।

———————————————————————

अररिया जिलाक बैरगाछी थाना क्षेत्र मे पुलिस वाहन जांचक दरमियान एक पिकअप वैन सँ छप्पन कार्टन शराबक संग दू तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————

समाप्त